



READY NEW YORK



PLAN

DIJANS

MWEN



**GEN LADAN KOUNYE A
GID POU SIKLÒN AK KAT ZÒN
EVAKYASYON VIL NEW YORK LA**



**Emergency
Management**

**Department for
the Aging**

**Mayor's Office for
People with Disabilities**



ENFÒMASYON MWEN YO

Tanpri ekri an lèt detache. Si w ap gade dokiman an sou fòm PDF, klike sou zòn ki make yo pou tape enfòmasyon yo.

Non:

Adrès:

Telefòn pou Lajounen:

Telefòn pou Aswè:

Telefòn Selilè:

Imèl:

Gen twa (3) etap debaz pou prepare w pou nenpòt ijans:



FÈ YON PLAN



RASANBLE PWOVIZYON



CHÈCHE JWENN ENFÒMASYON

Reflechi sou fason ijans yo ka afekte w. Ijans yo kapab varye soti nan so w pran nan kay la, rive nan dife ki pran lakay ou, rive nan siklòn. Itilize gid sa a kounye a pou fè yon lis kisa w ta ka bezwen pandan yon ijans.

Tanpri ranpli seksyon yo ki valab pou oumenm ak bezwen w yo. Epi ou ka telechaje epi ranpli plan sa a sou aplikasyon NYC Ready pou aparèy android ak iOS.

Vizite [NYC.gov/readyny](https://www.nyc.gov/readyny) pou w jwenn aksè nan materyèl anplis pou preparasyon pou ijans, ansanm ak Ready New York la: Ki Plan Ou? seri videyo.

Pa viv yon ijans poukont ou. Mande omwen de (2) moun pou yo fè pati rezo sipò ijans ou an – manm fanmi, zanmi, vwazen, moun k ap bay swen, kòlèg travay, oswa manm gwoup kominotè. Sonje, nou youn kapab ede lòt, epi nou youn kapab soulaje lòt nan ijans yo.

Rezo w lan ta dwe:

- Rete an kontak pandan yon ijans.
- Konnen kote pou jwenn pwovizyon pou ijans ou yo.
- Konnen kijan pou opere ekipman medikal ou, oswa pou ede w deplase pou ale kote ki gen sekirite pandan yon ijans.

Kontak rezo sipò ijans yo:

Non/Sa moun nan ye pou ou:

Telefòn (lakay/travay/selilè):

Imèl:

Non/Sa moun nan ye pou ou:

Telefòn (lakay/travay/selilè):

Imèl:

Chwazi yon zanmi oswa yon manm fanmi ki pa nan zòn nan fanmi oswa zanmi kapab rele pandan yon katastwòf. Si liy telefòn lokal yo okipe, apèl long distans ka pi fasil pou fè. Kontak deyò zòn nan kapab ede w kominike avèk moun ki nan rezo ou.

Kontak deyò zòn nan:

Non/Sa moun nan ye pou ou:

Telefòn (lakay/travay/selilè):

Imèl:

DEVLOPE YON PLAN

Enfòmasyon Sante ak Medikal

Fè yon plan ki koresponn pi byen ak bezwen w yo. Pale ak doktè w (yo), famasyen, ak lòt pwofesyonèl swen sante yo osijè bezwen presi ou genyen ak fason pou reponn a bezwen w yo pandan yon ijans.

Fè yon fotokopi kontak pou ijans ou yo ak enfòmasyon sante w. Kenbe yo nan bous ou oubyen valiz ou toutan.

Enfòmasyon enpòtan sou sante ak pou sove lavi:

Alèji:	
Lòt pwoblèm medikal:	
Medikaman endispansab ak dòz chak jou yo:	
Preskripsyon linèt:	
Gwoup sangen:	
Aparèy kominikasyon:	
Ekipman:	
Plan asirans sante:	
Lopital ou pito:	
# Pèsonèl/# Gwoup:	
Doktè/Espesyalis:	
Telefòn:	
Doktè/Espesyalis:	
Telefòn:	
Famasi:	
Adrès:	
Vil:	
Telefòn/Faks:	

Ijans sante piblik yo ka varye soti nan gwo-gwo chalè rive nan epidemi maladi. Danje sa yo ka afekte tout moun. Sizoka gen yon ijans konsènan sante:

- Rete lakay ou si w pa santi w byen.
- Si w gen sentòm grav oswa k ap vin pi mal, ale nan yon saldjans lopital touswit oswa rele 911.
- Lave men w souvan avèk savon oswa yon netwayan abaz alkòl.
- Ret branche sou televizyon ak radyo zòn nan pou jwenn anons ofisyèl sou sante.
- Pandan gwo-gwo chalè, Meri a ap louvri sant refwadisman. Ale sou sitwèb NYC.gov oswa rele 311 pou jwenn youn ki louvri ki toupre lakay ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou rete ansante ak an sekirite, ale sou sitwèb Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC sou entènèt nan NYC.gov/health, oswa rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115). Rele 911 pou rapòte yon ijans konsènan sante.

Kominike

Mete Kominikasyon nan Plan Ou

Pran tan kounye a pou planifye kijan w ap pale avèk zanmi oswa travayè ijans yo pandan yon ijans. Pandan yon ijans, fason nòmal pou w kominike ka afekte avèk chanjman ki nan anviwònman an, bri, sèvis yo ki kanpe oswa konfizyon. Plan ijans ou ta dwe gen ladan lòt fason diferan pou w ka kominike ak lòt moun.

- Si w Soud oswa ou tande di, fè pratik lòt fason pou kominike bezwen w, pa egzanp avèk jès, fich, mesaj nan tèks, oswa lòt mwayen.
- Si w avèg oswa si w gen vizyon fèb, prepare w pou eksplike lòt moun yo kijan li pi bon pou yo gide w.

Kominike Ak Lòt Moun

Ekri fraz kout ki ka ede w nan yon ijans. Fich ki ekri davans oswa mesaj nan tèks kapab ede w pataje enfòmasyon avèk rezo sipò ou oswa travayè ijans yo pandan yon sitiyasyon ki bay estrès oswa yon sitiyasyon ki difisil. Ou gendwa pa gen ase tan pou fè mesaj ou pase. Men kèk nan fraz yo:

- Mwen ka gen pwoblèm pou konprann sa w ap di mwen an. Tanpri pale dousman epi itilize langaj oswa imaj senp.
- Mwen itilize yon aparèy pou kominike.
- Mwen Soud epi mwen Itilize Langaj Siy Ameriken.
- Tanpri note enstriksyon yo.
- Mwen pale [mete lang la anba a].

Fraz ou ekri davans yo ta dwe aplike pou ijans andedan ak deyò lakay ou. Asire w genyen li sou ou toutan. Si w gen pwoblèm, mande fanmi, zanmi, oswa moun k ap ba w swen pou ede w.

Anba a se espas pou w ekri pwòp fraz ou yo:

Kote pou Rankontre yo

Konnen kote w ap rankontre fanmi ou, zanmi ou, oswa moun k ap ba w swen apre yon ijans. Chwazi de (2) kote pou rankontre: youn deyò lakay ou epi lòt la deyò katye w, tankou yon bibliyotèk, yon sant kominotè, oswa yon legliz.

Bay tèt ou yon abitud aprann kote sòti yo ye kèlkeswa lè w nan yon nouvo kote (pa egzanp, sant komèsyal, restoran, sal sinema).

Kote pou rankontre
ki toupre lakay ou:

Adrès:

Kote pou rankontre
deyò katye a:

Adrès:

Pòs polis zòn nan:

Telefòn ak adrès:

- Deplase imedyatman si lavi w an danje.
- Deplase imedyatman si w pran sant gaz, oswa si w wè lafimen oswa dife.
- Rele 911 si w bezwen asistans pou ijans.
- Sonje pou koute estasyon radyo ak gade televizyon lokal, sonje pou ale nan sitwèb NYC.gov, oswa pou rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115) pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou ijans.



Konnen Ki Kote W Pral Rete

Chwazi zanmi oswa fanmi ou kapab rete avèk yo sizoka w pa kapab rete lakay ou.

Mwen kapab rete avèk:

Non/Sa moun nan ye pou ou:

Adrès:

Telefòn (lakay/travay/selilè):

Imèl:

Non/Sa moun nan ye pou ou:

Adrès:

Telefòn (lakay/travay/selilè):

Imèl:

Fè pratik depasman regilyèman avèk moun nan kay ou (ki gen ladan bèt kay ou oswa bèt pou sèvis ou) epitou anvizaje divès sitiyasyon ou ka jwenn, pa egzanp chemen oswa sòti ki bloke.

Yo mande tout moun ki abite nan bilding ki resiste nan dife pou yo fè sa ki annapre la yo nan ka ta gen dife:

Si dife a se nan apatman w:

- Soti touswit epi fèmen pòt la lè w fin soti.
- Rele 911 onfwa w fin soti nan apatman an.

Si dife a pa nan apatman w:

- Rete nan apatman w. Bilding pi wo pase sèt etaj yo reziste nan dife.
- Rele 911; fè operatè a konnen w la. FDNY ap vin nan apatman w lan.
- Kite pòt ou fèmen. Si lafimen ap antre nan apatman w, mete yon sèvyèt mouye anba pòt ou.

Sèvis transpò

Prepare w pou fè lòt plan pou transpò si tren w, otobis ou, elatriye, oswa lòt mwayen transpò yo pa fonksyone. Enskri nan Notify NYC, pwogram kominikasyon ofisyèl gratis Vil New York pou ijans, pou jwenn enfòmasyon sou evènman ijans yo, ak chanjman nan sèvis enpòtan Vil la, ankontan transpò piblik ki kanpe.

Lòt chwa otobis:	
Lòt chwa Sobwe/Tren:	
Lòt:	
M ap rele (zanmi):	
Telefòn (lakay/travay/selilè):	
Sèvis taksi:	
Telefòn:	

Sonje: si w dwe deplase kite kay ou pandan yon ijans epi ou bezwen èd, tanpri rele 911.

Pandan yon tanpèt kotyè oswa siklòn, yo ka bay yon lòd pou deplasman pou moun k ap viv nan zòn deplasman pou siklòn. Chèche konnen si w ap viv nan yon zòn pou deplase pou siklòn. Pou fè sa, ale nan Lokalizatè Zòn Deplasman pou Ouragan an (Hurricane Evacuation Zone Finder) sou sitwèb NYC.gov/hurricanezones, oswa rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oubyen TTY: 212-504-4115).

Si Vil la bay yon lòd pou deplasman, deplase jan yo mande a. Akòde tan siplemantè pou vwayaj epi anvizaje bezwen w yo. Moun ki gen andikap oswa lòt bezwen pou aksè oswa bezwen pou fonksyonnen ki pa gen lòt chwa pou deplase san danje ka rele 311 pou mande èd pou transpò. Toudepan bezwen w yo, yo pral mennen w swa nan:

- Yon sant deplasman aksesib nan yon machin aksesib, OSWA
- Yon lopital deyò zòn deplasman an nan anbilans.

Ou p ap kapab mande transpò pou mennen w nan yon adrès presizeman.

Si w bezwen asansè pou w soti nan bilding ou an deplase byen bonè. Asansè yo gendwa pa an sèvis epi yo gendwa pa disponib toutan.

M ap viv nan zòn:

Mwen travay nan zòn:

Abri

Si yon ijans oblije w deplase oswa anpeche w rete lakay ou, anvizaje ale nan yon otèl, kay yon zanmi oswa fanmi, osinon nan yon chèltè.

Yo pral prepare abri pou katastwòf nan lekòl yo, nan bilding Vil la, ak nan legliz yo. Chèltè yo bay manje, dlo ak founiti debaz. Prepare w pou pote atik ou ka bezwen, tankou ekipman espesyal (pa egzanzp, oksijèn, èd pou depasman, batri, elatriye). Manm fanmi ou oswa moun ki nan rezo sipò ijans ou ka ale nan yon abri avèk ou.

Si w posede yon bèt kay, abrite bèt ou nan etablisman pou bèt oswa kay zanmi oswa fanmi deyò zòn depasman an. Si w pa anmezi fè sa, yo aksepte bèt kay nan tout abri Vil la. Tanpri pote founiti pou pran swen bèt kay ou, ki gen ladan manje, kòd, yon bagay pou transpòte li, ak medikaman. Pote bagay pou netwaye lè bèt ou fin fè bezwen li. Yo aksepte bèt kay legal yo sèlman. Yo toujou aksepte bèt sèvis yo. Pou jwenn plis enfòmasyon sou planifikasyon pou ijans pou bèt kay, tanpri gade Ready New York: Plan Pou Ijans Pou Bèt Kay Mwen.


Yo ka fè chanjman nan abri yo selon ijans lan. Pou jwenn yon abri ki toupre w, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115).



Tout moun ki lakay ou ta dwe gen yon Valiz pou Deplasman—yon gwoup atik ou ta bezwen si w dwe deplase prese-prese. Valiz pou Deplasman ou ta dwe solid, fasil pou pote, tankou yon sakado oswa yon ti valiz ki gen wou.

Tcheke atik ou genyen yo, epi ajoute sa w pral bezwen yo:

- Boutèy dlo ak manje ki p ap gate, tankou granola ba
- Kopi dokiman enpòtan yo nan yon resipyan enpèmeyab (pa egzanp, kat asirans, kat Medicare/Medicaid, ID ki gen foto, prèv adrès, papyè maryaj ak batistè, kopi kat kredi ak kat ATM)
- Flach, radyo AM/FM ki fonksyone ak manivèl oswa ki mache ak pil, epi pil siplemantè
- Lis medikaman w ap pran yo, poukisa w pran yo, ak dòz medikaman yo
- Enfòmasyon kontak pou kay ou ak pou moun ki nan rezo sipò ou
- Lajan kach, an ti biyè
- Blòk-nòt ak plim
- Ekipman medikal derezèv (pa egzanp, linèt, batri) ak chajè
- Twous pou repare kawotchou avèk ayewosòl ak/oswa ponp pou mete van nan wou pou repare wou chèz-woulant oswa wou eskoutè ki plat
- Atik pou bèt sèvis ou oswa pou bèt kay ou (pa egzanp, manje, dlo siplemantè, bòl, kòd, atik pou netwayaj, dosye vaksinasyon, ak medikaman)
- Chajè telefòn selilè pòtab
- Lòt atik pèsònèl:





Nan kèk ijans, tankou tanpèt ivè ak peryòd gwo-gwo chalè, ou ka gen pou rete lakay ou. Yon twous pwovizyon pou ijans ta dwe gen ase pwovizyon pou jiska sèt jou.

Tcheke atik ou genyen yo, epi ajoute sa w pral bezwen yo:

- Yon galon dlo mineral pou chak moun pa jou
- Manje nan bwat, toupare ki p ap gate ak yon kle pou louvri bwat yo alamen
- Twous premye swen
- Medikaman, ankontan yon lis medikaman w ap pran yo, poukisa w pran yo, ak dòz medikaman yo
- Flach oswa lanp ki mache ak pil, radyo AM/FM ki fonksyone avèk pil, ak pil siplemantè, oswa radyo ki fonksyone avèk manivèl ki pa bezwen pil
- Baton ki klere nan fènwa
- Siflèt oswa klòch
- Ekipman medikal derezèv si sa posib (pa egzanp, oksijèn, medikaman, batri eskoutè, pwotèz oditif, èd pou deplasman, linèt, mask pou figi, gan)
- Kalite ak nimewo seri aparèy medikal (tankou estimilatè kadyak) ak enstriksyon pou itilizasyon
- Lòt atik:

Anvizaje ajoute atik ou ka bezwen pou ijans tankou tanpèt ivè ak peryòd gwo-gwo chalè yo.

Founiti tan frèt:


- Dra, sak pou dòmi, jounal anplis pou kenbe chalè
- Gan, chosèt, foula ak chapo anplis, padsi ak rad siplemantè
- Lòt atik:

Founiti tan cho:

- Rad lejè, laj
- Krèm kont solèy (omwen SPF 15)
- Atik pou prepare manje nan ijans sizoka gen yon pàn kouran, tankou asyèt, kèp ki ka jete, epi istansil

Si w gen machin, anvizaje fè yon twous pou ijans nan-machin ki gen ladan:

- Sak sab oswa sab pou chat watè (kitty litter) pou ogmante traksyon anba kawotchou, ak yon ti pèl
- Je chenn pou kawotchou oswa tapi traksyon
- Djak ak kle wou, kawotchou derechany
- Bagay pou grate ak bale vit machin
- Ti zouti (pens, kle, tounavis)
- Kab boustè
- Moso twal koulè cho pou itilize kòm drapo, ak fize pou klere oswa triyang ki bay reflè







Konsiderasyon Espesyal

- Anvizaje ajoute atik nan pwovizyon pou ijans ou ki koresponn pi byen ak bezwen w, ankontan bezwen rejim ak bezwen medikal.
- Si w bezwen ekipman medikal elektrik, kontakte konpayi founisè medikal ou pou jwenn enfòmasyon sou yon sous enèji derezèv.
- Si w bezwen kouran pou ekipman ki kenbe moun vivan, mande konpayi sèvis piblik ou si ekipman medikal ou an ki mache ak kouran fè w kalifye pou yo mete w sou lis kòm yon kliyan ki gen ekipman pou kenbe moun vivan. Menmsi enskripsyon an reprezante yon mezi enpòtan, ou dwe gen yon sous kouran derezèv, tankou yon batri oswa bonbòn oksijèn ki pa bezwen kouran.
- Si w bezwen oksijèn, pale avèk konpayi founisè oksijèn ou konsènan ranplasman pou ijans.
- Si w ap resevwa tretman endispansab, tankou dyaliz oswa kimoterapi, pale ak founisè swen w sou fason ou ka kontinye resevwa tretman sa yo pandan yon ijans.



Rezidan Nouyòk yo ta dwe toujou rete vijilan epi prepare pou bagay sanzatann. Sizoka ta gen yon atak teworis, li enpòtan pou pran mezi annapre la yo pou pwoteje tèt ou.

Koute responsab ijans yo pou jwenn machaswiv pou konnen si w dwe deplase oswa rete souplas:

- Si yo mande pou w deplase, soti byen vit nan tout mezi ki posib. Rete ba toupre atè a si w kapab. Si w ap vwayaje nan transpò piblik tankou otobis, metwo oswa tren epi yo di pou w deplase, sonje pou koute machaswiv anplwaye oswa lòt travayè ijans yo bay.
- Si yo mande pou w rete kote w ye a oswa "abrite w souplas," pa deplase jouk yo di w pou w deplase. Lòk pòt, sele fenèt yo, bouch ayerasyon, ak klape chemine (fireplace damper).

Rete Vijilan epi Aji

Se pou w toujou konnen kisa ki bò kote w. Si w remake kenpòt bagay ki pa nòmal, pa kenbe li pou ou; asire w ou rapòte li.

- Si w wè oswa w tande kenpòt aktivite sispèk, rele 1-888-NYC-SAFE (1-888-692-7233) oswa rele 911.
- Si w wè bagaj oswa sak yo kite poukont yo nan bis ak sobwe MTA yo oswa nan zòn piblik yo, avèti MTA oswa NYPD.
- Si w resewa lèt sispèk, pa manyen li. Rapòte li ba NYPD oswa rele 911. Si w te manyen pake a, lave men w avèk savon ak dlo touswit.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb NYC.gov/plannow.

**DEPI OU FIN RANPLI GID SA A,
OU SE YON REZIDAN NOUYÒK KI PARE!
FELISITASYON!**



RESOUS VIL NEW YORK

Sof si yo di yon lòt bagay, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115), oswa sèvi ak NYC.gov pou kontakte ajans vil la.

NYC Emergency Management

[NYC.gov/emergencymanagement](http://nyc.gov/emergencymanagement)

NYC Emergency Management Outreach & Engagement Resources Ready New York - mande materyèl ak prezantasyon

[NYC.gov/readyny](http://nyc.gov/readyny)

NYC Community Preparedness - resevwa resous ak enfòmasyon planifikasyon kominotè

[NYC.gov/communitypreparedness](http://nyc.gov/communitypreparedness)

NYC CERT - resevwa fòmasyon kòm yon volontè kominotè pou ijans

[NYC.gov/cert](http://nyc.gov/cert)

Partners in Preparedness - asire ke biznis ou prepare

[NYC.gov/partnersinpreparedness](http://nyc.gov/partnersinpreparedness)

Lokalizatè Zòn Deplasman pou Ouragan

[NYC.gov/knowyourzone](http://nyc.gov/knowyourzone)

Depatman Vil Nouyòk pou Moun ki Aje

[NYC.gov/aging](http://nyc.gov/aging)

Biwo Majistra a pou Moun ki Andikape

[NYC.gov/mopd](http://nyc.gov/mopd)

TOUJOU CHÈCHE ENFÒMASYON

NYC Emergency Management sou Facebook ak Twitter

[www.facebook.com/
NYCEmergencymanagement](http://www.facebook.com/NYCEmergencymanagement)
[@nycemergencymgt](https://twitter.com/nycemergencymgt)

Vil New York sou Facebook ak Twitter

www.facebook.com/nycgov
[@nycgov](https://twitter.com/nycgov)

Notify NYC - jwenn avètisman gratis pou ijans

Jwenn notifikasyon ki gen plis enpòtans pou ou.
Pou enskri, pran aplikasyon mobil gratis la, ale
nan NYC.gov/notifynyc, rele 311, oswa swiv
[@NNYCCreole](https://twitter.com/NNYCCreole) sou Twitter

Sistèm Avètisman Alavans

Pou òganizasyon ki okipe moun ki gen
andikap oswa lòt moun ki gen bezwen
pou aksè ak pou fonksyonnen
www.advancewarningsystemnyc.org

SÈVIS PIBLIK YO

Con Edison

1-800-75-CONED, (800-752-6633),
(TTY: 800-642-2308)
www.coned.com

Public Service Electric and Gas Company - Long Island (PSEG Long Island)

1-800-490-0025, (TTY: 631-755-6660)
www.psegliny.com

National Grid

718-643-4050, (TTY: 718-237-2857)
www.nationalgridus.com

Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon

www.floodsmart.gov
1-888-379-9531

Sant Nasyonal pou Siklòn/ Sant Previzyon Twopikal

www.nhc.noaa.gov

Sèvis Nasyonal Metewoloji

www.weather.gov

ZÒN INONDASYON YO

Yo itilize zòn inondasyon yo pou
fikse tarif asirans pou inondasyon ak
règleman konstriksyon yo. Rezidan
yo pa dwe itilize zòn inondasyon yo
pou deside si yo dwe deplase pandan
tanpèt kotyè yo. Vil la pral deside
ki zòn deplasman pou siklòn (soti
nan zòn 1 jouk rive nan zòn 6) ki
dwe deplase dapre karakteristik yon
tanpèt reyèlman pandan l ap pwoche
sou vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon
sou zòn inondasyon yo:
NYC.gov/floodmaps
www.floodhelpny.org



FOUNISÈ SÈVIS KI PA LA POU FÈ PWOFI

Lakwa Wouj Ameriken nan Greater New York

877-RED-CROSS (877-733-2767)

www.nyredcross.org

**National Organization on Disability's
Emergency Preparedness Initiative**

202-293-5960, (TTY: 202-293-5968)

www.nod.org/emergency

NYC Well

NYC Well se koneksyon ou pou sipò sante mantal gratis, konfidansyèl. Pale ak yon konseye nan telefòn, nan mesaj tèks oswa chat sou entènèt.

1-888-NYC-WELL, (1-888-692-9355), (TTY: 711)

Tèks mo "WELL" nan 651-73

NYC.gov epi chèche "NYC Well"

RESOUS MWEN YO

Mete pwòp resous enpòtan pa w yo ak nimewo telefòn ou yo la a.

NYC Emergency Management ta renmen di mèsè a manm Gwoup Konsiltatif pou Bezwen Aksè ak Fonksyonman yo pou travay di yo te fè nan pwojè sa.

GID SA A DISPONIB TOU NAN FÒMA ODYO AK NAN LANG YO KI ANBA A.

ARABIC

للحصول على نسخة من هذا الدليل باللغة الانجليزية اتصل بـ 311 (معوقي السمع: 212-504-4115) أو قم بزيارة
NYC.gov/readyny

BENGALI

এই সহায়িকার একটি বাংলা প্রতিলিপি পেতে হলে, 311 (TTY: 212-504-4115) নম্বরে ফোন করুন অথবা
NYC.gov/readyny দেখুন।

CHINESE

如欲索取中文版的指南，請致電 311 (TTY: 212-504-4115) 或訪問 NYC.gov/readyny。

ENGLISH

Call 311 or visit NYC.gov/readyny for copies of this guide in English.

FRENCH

Pour obtenir une copie en français de ce guide, appelez le 311 (TTY: 212-504-4115)
ou visitez le site NYC.gov/readyny.

HAITIAN CREOLE

Pou jwenn yon kopi gid sa a nan lang Kreyòl Ayisyen, rele 311 (TTY: 212-504-4115)
oswa ale nan sitwèb NYC.gov/readyny.

ITALIAN

Per ottenere una copia di questa guida in italiano, telefonare al numero 311
(TTY: 212-504-4115) o visitare il sito NYC.gov/readyny.

KOREAN

본 안내서의 한국어 사본을 받으시려면, 311 (TTY: 212-504-4115)로 전화하시거나
NYC.gov/readyny를 방문하십시오.

POLISH

W celu otrzymania polskiej kopii niniejszego przewodnika, należy zadzwonić pod nr 311
(nr dla osób z upośledzeniem słuchu: 212-504-4115) lub zajrzeć na stronę internetową
NYC.gov/readyny.

RUSSIAN

Для того чтобы получить данную брошюру на русском языке, позвоните по телефону 311
(TTY: 212-504-4115) или посетите веб-сайт NYC.gov/readyny.

SPANISH

Llame al 311 (TTY: 212-504-4115) o visite NYC.gov/readyny para obtener acceso a este
folleto en español.

URDU

اس ہدایت نامے کی انگریزی کاپی حاصل کریں، 311 (TTY: 212-504-4115) پر کال کریں یا
NYC.gov/readyny دیکھیں۔

YIDDISH

צו ערהאלטן א אידישע קאפיע פון דעם וועגווייזער, רופט 311 (TTY: 212-504-4115) אדער באזוכט
.NYC.gov/readyny

READY NEW YORK

SIKLÒN AK VIL NEW YORK



TÈM OU TA DWE KONNEN

Sezon Ouragan

1ye jen jiska 30 novanm (Sou plan istorik, pi gwo posiblite pou gen ouragan nan Vil New York se ant mwa out ak mwa oktòb.)

Siklòn Twopikal

Yon sistèm tan nyaj ak loraj òganize, ki nan wotasyon, ki gen presyon ba epi ki devlope nan twopik yo.

Tanpèt Twopikal

Yon siklòn twopikal ki gen van pwolonje k ap soufle a 39-73 milalè.

Ouragan

Yon siklòn twopikal ki gen van pwolonje k ap soufle a 74 milalè oswa pi plis.

Siveyans Ouragan

Yon anons ki endike kondisyon ouragan posib nan yon zòn yo presize. Yo pibliye siveyans yo 48 èdtan anvan yo prevwa ap gen van ki gen fòs tanpèt twopikal.

Avètisman pou Ouragan

Yon anons ki endike yo prevwa kondisyon pou gen ouragan nan yon zòn yo presize. Yo bay avètisman an 36 èdtan anvan yo prevwa ap gen van ki gen fòs tanpèt twopikal, epi avètisman an kapab rete anvigè lè dlo ak onn ki wo yon fason danjere ap kontinye.

KONNEN DANJE YO

Inondasyon Onn Tanpèt

Onn tanpèt reprezante pi gwo kantite moun ki mouri. Se yon mòn dlo lanmè van siklòn k ap vini yo pouse sou rivaj la. Yon gwo ouragan kapab pouse plis pase 30 pye onn tanpèt (wotè yon bilding ki gen twa etaj) nan kèk pati Vil New York, epi onn tanpèt la kapab deplase sou yon distans plizyè mil sou andedan. Inondasyon onn tanpèt ak gwo vag lanmè k ap frape kapab menase lavi ou, detwi bilding, wonje plaj ak din yo, epi domaje wout ak pon yo.

Van

Avèk van pwolonje 74 milalè oswa pi plis, ouragan yo ka domaje bilding yo, kouche pyebwa yo, epi fè objè lach yo tounen pwojektil ki ka touye moun.

Lapli

Gwo lapli ouragan yo kapab lakòz inondasyon toudenkou. Zòn drenaj ki ba ak nan move kondisyon yo se zòn ki sitou frajil nan inondasyon.

SI YON TANPÈT AP PWOCHÉ

Pran mezi sa yo pou prepare w:

- Pote andedan kay la objè ki pa tache, ki lejè, tankou mèb jaden ak bwat fatra.
- Tache objè k ap danjere pou pote andedan kay la, tankou griy ki fonksyone avèk gaz oswa tank gaz pwopàn.
- Fèmen fenèt yo ak pòt ki bay sou deyò yo byen.
- Retire atik ki gen valè yo nan besment pou mete yo nan etaj ki pi wo yo. (Besment yo frajil nan inondasyon.)
- Chaje batri telefòn selilè yo.
- Plen tank veyikil ou ak dèlko ou ak gaz ra gagann.
- Si w ap viv nan yon zòn pou deplase, anvizaje deplase veyikil ou pou mete li nan tè ki pi wo.
- Mete frijidè ou ak frizè ou nan yon reglaj ki pi frèt. Si ou nan blakawout, atik ki bezwen glase yo ap rete pi glase pandan pi lontan.
- Plen benywa ou ak lòt gwo resipyan yo ak dlo – ou ka pèdi sèvis dlo si gen blakawout.
- Pa rete tann jouk dènye minit pou renouvle medikaman preskripsyon ou.
- Retire lajan kach anplis

KATEGORI TANPÈT YO

Yo klase ouragan yo an senk kategori (1 jiska 5) dapre vitès van pwolonjeouragan an. Pandan vitès van ak fòs yon tanpèt ap ogmante, nimewo kategori a ogmante.

GEN ASIRANS KI KÒRÈK

Kèlkanswa ou se lokatè oswa ou se pwopriyetè kay ou, asirans debaz yo pa kouvri dega inondasyon ak van. W ap oblije achte yon kontra asirans apa pou pwoteje kay ou pou sizoka gen inondasyon. Ale nan www.floodsmart.gov pou jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Nasyonal Asirans pou Inondasyon.

KONNEN ZÒN OU*

Zòn vil la kote ka gen inondasyon akòz onn tanpèt divize an sis zòn deplasman (1 jiska 6) selon risk inondasyon akòz onn tanpèt la. Minisipalite Vil la ka mande sitwayen yo pou yo deplase selon trajektwa ouragan an ak onn tanpèt yo prevwa a.

- Pou jwenn si w abite nan yon zòn deplasman, itilize Lokalizatè Zòn Deplasman pou Ouragan an nan NYC.gov/knowyourzone, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115), osinon tcheke nan kat jewografik sa a. Si adrès ou nan youn nan zòn deplasman ouragan Vil la, prepare yon plan pou kote ou prale a si otorite yo bay lòd pou deplase pou zòn ou. Ou ka resevwa lòd pou deplase si yon ouragan menase Vil New York.
- Moun ki deplase yo ta dwe prepare yo pou rete avèk zanmi oswa fanmi k ap viv deyò limit zòn deplasman an.
- Si w pa kapab rete avèk zanmi oswa fanmi w, itilize Lokalizatè a, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115), osinon itilize kat jewografik ki la a pou w idantifye ki sant deplasman ki pi apwopriye pou ou.

POU MOUN KI GEN ANDIKAP, MOUN KI GEN BEZWEN POU AKSÈ AK FONKSYÒNMAN

Asire ke plan ou an abòde kijan bezwen ou yo kapab afekte kapasite w pou deplase, pou itilize asansè nan bilding ou, pou pranabri anplas, oswa pou kominike avèk travayè ijans yo. Fè aranjman pou jwenn èd nan men fanmi, zanmi, pèsonèl bilding lan oswa founisè sèvis yo si w ap bezwen asistans. Si ou pa ka deplase poukont ou avan yon tanpèt, rele oswa voye tèks nan 311 pou asistans.

Si w depann de kouran pou ekipman ki kenbe w vivan, prevwa pou w deplase. Ou gendwa pèdi kouran apre yon ouragan. Mande konpayi sèvis piblik ou si ekipman medikal ou an fè w kalifye pou yo mete w sou lis kòm yon kliyan ki gen ekipman pou kenbe moun vivan.

Kite plis tan pou vwayaje epi anvizaje bezwen w pou transpò, bezwen pou rejim alimantè ou ak bezwen medikal ou (oksijèn, pil/chajè anplis, linèt, preskripsyon, elatriye). Mache ak tout medikaman w, epi gen enfòmasyon kontak pou pwofesyonèl swen sante w yo ekri sou yon papye.

Enskri nan Notify NYC pou w resevwa notifikasyon ak dènye nouvèl dijans nan imèl, telefòn, SMS/tèks oswa Twitter. Mesaj yo disponib nan Lang Siy Ameriken (American Sign Language, ASL) tou. Telechaje aplikasyon mobil gratis la, vizite NYC.gov/notifynyc, rele 311, oswa swiv @NotifyNYC sou Twitter. Pa bliye ale sou NYC.gov/emergencymanagement pou dènye enfòmasyon yo.

SI OU PA RESEVWA Lòd POU DEPLASE

ATANN OU KA GEN BLAKAWOUT

Asire ou gen tout atik ki rekòmande yo nan twous atik pou ijans ou sizoka ou pa gen kouran oswa lòt sèvis debaz yo.

ABRI ANPLAS

Si ou pa bezwen deplase, pranabri anplas epi itilize twous atik pou ijans ou. Rete lwen fenèt yo.

SI OU DWE DEPLASE

SI VIL LA BAY YON LÒD POU DEPLASE POU ZÒN OU, DEPLASE JAN YO MANDE A

Vil la a ap bay machaswiv presi konsènan ki zòn vil la kote moun dwe deplase. Si yo pase lòd pou deplase obligatwaman, fè sa jan ou di w la. Itilize transpò piblik si li posib, men sonje sèvis transpò piblik ka pa fonksyone kèk èdtan anvan tanpèt la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou jan pou w deplase, tankou transpò aksesib ki genyen, tanpri rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115).

KONNEN KOTE OU PRALE

Vil la rekòmande atoutfòs pou moun ki deplase yo rete avèk zanmi oswa fanmi k ap viv deyò limit zòn deplasman yo. Pou moun ki pa gen lòt kote pou yo pranabri, Minisipalite Vil la ap louvri kèk sant pou deplasman toupatou nan senk (5) minisipalite yo.

Si ou prale nan yon sant pou deplasman, pake yon ti kantite atik, epi pote:

- Valiz pou Deplasman Ou
- Sak pou kouche oswa atik pou kouche
- Omwen kantite pou yon semèn nan nenpòt medikaman (si li posib), materyèl medikal, oswa ekipman medikal ou itilize regilyèman
- Atik twalèt

Sant pou deplasman yo gen ladan enstalasyon aksesib ak aranjman pou moun ki gen andikap, moun ki gen bezwen pou aksè ak pou fonksyone. Pou jwenn plis enfòmasyon sou karakteristik aksesiblite nan yon etablisman espesyalman, tcheke Lokalizatè Zòn Deplasman pou Ouragan an nan NYC.gov/knowyourzone oswa kontakte 311. Y ap aksepte tout moun ki deplase yo, epitou yo p ap poze moun ki deplase yo kesyon sou kondisyon imigrasyon yo.

SI OU GEN BÈT KAY OSWA BÈT SÈVIS

Asire plan pou katastwòf ou gen ladan sa ou pral fè avèk bèt kay ou oswa bèt sèvis ou si ou gen pou w kite kay ou.

Si ou pa kapab jwennabri pou bèt kay ou oswa bèt sèvis ou nan yon kay pou chen oswa lakay zanmi oswa fanmi w ki pa nan zòn pou deplase a, yo bay otorizasyon pou bèt kay ak bèt sèvis yo nan tout sant pou deplasman Vil la. Tanpri pote founiti pou pran swen bèt kay ou oswa bèt sèvis ou, ki gen ladan manje, kòd, yon bagay pou transpòte li, ak medikaman. Sèvi ak Ready New York: Plan Ijans pou Bèt Kay Mwen nan NYC.gov/readyny pou prepare yon plan.

SI W AP VIV NAN SOUSÒL KAY

Moun k ap viv nan besment ka gen lòt risk nan ouragan yo menmsi y ap viv deyò limit zòn pou yo deplase a. Anpil zòn vil la kapab gen inondasyon dlo lapli. Si w ap viv nan yon apatman besment, prepare ou pou pranabri nan planche ki anwo a.

SI W AP VIV NAN YON BILDING KI WO ANPIL

Si w ap viv nan yon bilding ki wo anpil, sitou nan 10yèm etaj la oswa pi wo, rete lwen fenèt yo sizoka yo kraze oswa kase. Ou dwe prepare pou ale nan etaj ki pi ba a. Se pou w konnen plan bilding ou an pou deplasman. Si w bezwen asansè pou w soti nan bilding ou an deplase byen bonè. Asansè yo gendwa pa an sèvis epi yo gendwa pa disponib toutan.

OURAGAN NAN VIL NEW YORK

ZÒN DEPLASMAN YO

SANT DEPLASMAN VIL NEW YORK: CHÈCHE SANT KI PI PRE OU SOU KAT LA

BRONX

HS OF LAW, GOV'T & JUSTICE 244 EAST 163RD ST.	IS / HS 362 921 E. 228TH ST.	PS 132 1245 WASHINGTON AVE.
IS 158 800 HOME ST.	MORRIS HEIGHTS EDUCATIONAL COMPLEX 1780 DR. MARTIN LUTHER KING JR. BLVD	PS 211 1919 PROSPECT AVE.
IS 201 730 BRYANT AVE.	MS / HS 141 660 W. 237TH ST.	PS / IS 218 1220 GERARD AVE.
IS 391 2225 WEBSTER AVE.	PS 102 1827 ARCHER ST.	WALTON HS 2780 RESERVOIR AVE.

MANHATTAN

GEORGE WASHINGTON EDUCATIONAL CAMPUS 549 AUBUDON AVE.	LOUIS D. BRANDEIS HS 145 W. 84TH ST.	PS 92 222 W. 134TH ST.
IS 88 215 W. 114TH ST.	MARTIN LUTHER KING JR. HS 122 AMSTERDAM AVE.	PS / IS 210 501-503 W. 152ND ST.
IS 90 21 JUMEL PLACE	MIDTOWN EAST CAMPUS (PS 59) 233 E. 56TH ST.	
IS 131 100 HESTER ST.	NORMAN THOMAS HS 111 E. 33RD ST.	

QUEENS

AVIATION HS 45-30 36TH ST.	JHS 25 34-65 192ND ST.	PS 239 17-15 WEIRFIELD ST.
FRANK SINATRA HS 35-12 35TH AVE.	JHS 185 147-26 25TH DR.	PS / IS 268 92-07 175TH ST.
GROVER CLEVELAND HS 21-27 HIMROD ST.	JHS 190 67-18 AUSTIN ST.	PS 307 40-20 100TH ST.
HILLCREST HS 160-05 HIGHLAND AVE.	METROPOLITAN AVE. CAMPUS 91-30 METROPOLITAN AVE.	TOWNSEND HARRIS HS 149-11 MELBOURNE AVE.
HS OF TEACHING, LIB. ARTS & SCI. 74-20 COMMONWEALTH BLVD.	PS 58 72-24 GRAND AVE.	
IS 74 61-15 OCEANIA ST.	PS 149 93-11 34TH AVE.	

BROOKLYN

ADAMS STREET EDUCATIONAL CAMPUS 283 ADAMS ST.	IS 324 800 GATES AVE.	PS 23 545 WILLOUGHBY AVE.
BROOKLYN TECH HS 29 FT. GREENE PLACE	IS 383 1300 GREENE AVE.	PS 24 427 38TH ST.
IS 2 655 PARKSIDE AVE.	MEDGAR EVERS COLLEGE PREP. 1186 CARROLL ST.	PS 226 6006 23RD AVE.
IS 55 2021 BERGEN ST.	PS 6 43 SNYDER AVE.	PS 289 900 ST. MARKS AVE.
IS 88 544 7TH AVE.	PS 7 858 JAMAICA AVE.	PS / IS 30 7002 4TH AVE.
IS 259 7305 FT. HAMILTON PKWY.	PS 12 430 HOWARD AVE.	

STATEN ISLAND

IS 51 20 HOUSTON ST.	PS 56 250 KRAMER AVE.	RALPH MCKEE HS 290 ST. MARKS PLACE
JEROME PARKER CAMPUS 100 ESSEX DR.	PETRIDES COMPLEX 715 OCEAN TERRACE	

* Enfòmasyon sou deplasman an ka chanje. Pou jwenn dènye enfòmasyon yo, vizite NYC.gov oswa rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè nan Videyo, oswa TTY: 212-504-4115). Ale sou Entènèt nan sitwèb MTA nan www.mta.info, oswa rele 511 pou jwenn dènye enfòmasyon yo sou sèvis transpò. Si ou bezwen èd pou deplase pandan yon ijans, tanpri rele 311.

ZÒN DEPLASMAN POU OURAGAN**

Lè yon tanpèt kotyè ap pwoche, Vil la ka bay lòd pou kite katye ki an danje inondasyon nan onn tanpèt la, ki kòmanse avèk zòn 1 epi ki ajoute plis zòn si sa nesèsè. Deplasman zòn yo ap fèt selon menas pou sekirite moun yo nan fòs, trajektwa ak onn tanpèt ki nan previzyon yon ouragan.

ALE SOU SITWÈB NYC.GOV/KNOWYOURZONE OSWA RELE 311 POU KONNEN SI W AP VIV NAN YON ZÒN POU DEPLASE SI GEN OURAGAN.

- Sant deplasman yo
- Sant deplasman aksesib yo


** Enfòmasyon sou sant deplasman yo, ankontan karakteristik aksesibilite yo ka chanje. Tanpri vizite NYC.gov/knowyourzone oswa kontakte 311 pou jwenn dènye rapò sou eta bilding ak karakteristik aksesibilite yo.

Yo itilize zòn inondasyon yo pou fikse tarif asirans pou inondasyon ak règleman konstriksyon. Moun ki rete nan zòn yo pa dwe itilize zòn inondasyon yo pou decide si yo dwe deplase pandan tanpèt kotyè. Vil la pral decide ki zòn deplasman pou siklon (soti nan zòn 1 jouk rive nan zòn 6) ki dwe deplase dapre karakteristik yon tanpèt reyèlman pandan l ap pwoche sou vil la. Pou jwenn plis enfòmasyon sou zòn inondasyon yo, ale nan NYC.gov/floodmaps oswa www.floodhelpny.org.



GEN PLIS CHANS POU DEPLASE

GEN MWENS CHANS POU DEPLASE



RESEVWA ALÈT GRATIS POU IJANS

Telechaje aplikasyon gratis la pou aparèy Apple ak Android

Notify **NYC**

ALÈT POU INONDASYON



VIZITE

[NYC.gov/notifynyc](https://nyc.gov/notifynyc)

RELE

311 (212-639-9675
pou Sèvis Relè nan Videyo,
oswa TTY: 212-504-4115).

SWIV

@NNYCCreole sou Twitter

NYC
Emergency
Management